



## Maladi laraj

### Kisa ki rele maladi laraj?

Laraj se yon maladi ki nan moun ak bèt. Laraj koze pa yon viris ki atake sèvo a ak sistèm nève a. Yon fwa moun atrape viris la, li pwopaje nan kò a epi li fatal si li pa trete rapidman. Yo kapab prevni laraj avèk yon vaksen. Tretman rapid ap prevni moun ki an kontak avèk yon bèt anraje pou l pa atrape maladi a. Tretman an gen ladann 4 oswa 5 vaksen nan bra ak yon piki Iminoglobilin Antirabik (HRIG).

### Kijan laraj pwopaje?

Viris laraj la pwopaje atravè saliv (krache) yon bèt ki anraje, jeneralman akòz yon bèt ki anraje mòde yon lòt bèt oswa moun oswa grafouyen yon lòt bèt oswa moun epi saliv la rantre nan blesi a. Viris la kapab antre nan kò a atravè blesi ki koupe oswa blesi ki louvri, oswa atravè zye, nen, oswa bouch.

### Ki bèt ki kapab pwopaje laraj?

Nan peyi Etazini laraj pwopaje prensipalman pa bèt k ap viv nan bwa yo. Yo jwenn laraj jeneralman nan raton, moufèt, rena, koyòt, mamòt ak chòv sourit. Bèt domestik tankou chyen, chat, firè ak bèt jaden kapab atrape laraj egalman. Vaksinen bèt yo kapab anpeche yo genyen laraj. Bèt ak chyen/chat ki pèdi kapab aji tankou yon pon ant bèt k ap viv nan bwa yo ak moun, sa ki pote maladi laraj de bèt k ap viv nan bwa yo lakay ou.

Nenpòt mamifè (bèt ki genyen pwal ak san cho) kapab atrape laraj. Zwazo, pwason, koulèv, ak anfibyen pa pote maladi laraj. Byenke li posib pou ronjè yo kontrakte maladi a, bèt tankou rat, sourit, ak ekiryèy preske pa janm pote maladi laraj.

## Kisa Mwen kapab fè pou prevni maladi laraj?

- Vaksinen bèt domestik ou yo! Chat, chyen, ak firè yo tout bezwen vaksinen regilyèman pa yon veterinè. Asire ke yo ajou avèk vaksen yo.
- Pa okipe oswa bay bèt k ap viv nan bwa yo manje. Anseye timoun yo ke yon tibebe raton oswa moufèt ka parèt bèl ak amikal, men li kapab trè danjere.
- Pa touche oswa bay bèt ki pèdi yo manje epi evite tout bèt ki malad oswa k ap aji etranjman.
- Kouvri bokit fatra w yo epi pa kite manje bèt yo deyò kote li kapab atire bèt nan bwa yo.
- Pa kenbe bèt k ap viv nan bwa yo tankou bèt domestik. Non sèlman sa danjere pou ou ak bèt la, men li egalman kont lalwa.
- Pa touche oswa ramase bèt ki mouri yo.
- Pa janm manyen yon chòv sourit avèk men w konsa. Itilize gan epè, pensèt, oswa yon pèl pou retire chòv sourit ki mouri a, oswa rele yon ekspè pou retire chòv sourit la. Pa kraze chòv sourit avèk yon rakèt tenis oswa lòt objè.
- Pa kite bèt domestik ou yo jwe avèk chòv sourit yo.
- Kenbe chòv sourit yo andeyò kay la oswa nan lòt bilding yo nan fèmèn oswa kouvri grenye oswa lòt zòn nwa ki pwoteje. Mete twil nan fenèt yo.

## **Kisa Mwen dwe fè si yon moun oswa yon bèt domestik ekspoze a yon bèt ki kapab genyen maladi laraj?**

### **Si yon bèt te mòde w, grafouyen, oswa ou te ekspoze a saliv yon bèt:**

- Lave blesi a touswit avèk savon ak dlo pou 10 minit.
- Rele founisè swen sante w la oswa BPHC Infectious Disease Bureau nan (617) 534-5611.
- Bay yon deskripsyon de bèt ki mòde w la oswa grafouyen.
- Nan Boston, rele Kontwòl Animal nan (617) 635-5348 pou asistans. Bèt ki mòde oswa ki grafouyen w lan ou kapab bezwen fè tès pou maladi laraj oswa ale nan izolasyon.

### **Si yon bèt nan bwa te mòde, grafouyen, oswa bèt domestik ou a te ekspoze a saliv bèt nan bwa:**

- Eseye pou konnen ki kalite bèt ki te mòde oswa grafouyen bèt domestik ou a. Pa manyen bèt ki fè atak la.
- Itilize gan oswa yon kawotchou pou lave blesi bèt domestik ou a. Pa manyen bèt ou a avèk men w. Kapab toujou gen saliv bèt ki anraje a sou bèt domestik ou a, menmsi ou pa wè yon kout dan oswa blesi.
- Rele veterinè ou.
- Rele BPHC Infectious Disease Bureau nan (617) 534-5611 pou jwenn fason pou pwoteje tèt ou.

